



## Justice Center for the Protection of People with Special Needs

ANDREW M. CUOMO  
Gouvènè

DENISE M. MIRANDA  
Direktè Egzekitif

Direktè ak Anplwaye Etablisman:

Nou kontan paske ajans ou a ap itilize sèvis Pwogram Komite Desizyon Ranplasan Justice Center. Yon preparasyon pridan ak konplè sou yon dosye ki demontre yon moun bezwen ranplasan pou pran desizyon pou tretman medikal ki pa ijan oswa desizyon nan fen lavi a pral lakoz yon detèminasyon pi rapid.

Pou demontre efektivman ke pwosedi a se nan pi bon enterè moun nan, dosye a dwe gen ladan dokiman ki annaprè yo:

- (a) Fòm ranpli SDMC pou:
  - Gwo tretman Medikal, oswa
  - Swen nan fen lavi;
- (b) Egzamen fizik anyèl ki pi resan;
- (c) Konsiltasyon ki gen rapò avèk dyagnostik ak pwosedi medikal ki sou egzaminasyon, ak konsiltasyon nan klinik nenpòt espesyalis; ak
- (d) Tès dyagnostik, laboratwa, radyografi, nòt pwogrè doktè, nòt pwogrè enfimye, evalyasyon ospis (kote li aplikab), elatriye.

Pou gwo desizyon tretman medikal yo, moun nan dwe patisipe nan odyans lan sof si yon kondisyon medikal anpeche li vini. Si yap chèche yon desizyon swen nan fen lavi a, moun nan pa bezwen patisipe nan odyans lan, men li ka vini. Si moun nan pa ka vini akòz kondisyon medikal, yon manm komite a pral vizite moun nan anvan odyans lan. Yo dwe pote dosye medikal moun lan nan odyans lan. Anplwaye ki abitye avèk alafwa kapasite fonksyonèl jeneral ak kondisyon medikal moun nan ta dwe vini nan odyans lan pou reponn kesyon komite a genyen.

Yo ta dwe voye pake ranpli a nan:

NYS Justice Center for the Protection of People with Special Needs  
SDMC Program  
401 State Street, Schenectady, NY 12305.

Si yo mande w pou fakse yon pake dosye rapid, tanpri pa poste orijinal la. Si yo ta retire yon dosye pou nenpòt rezon, tanpri kontakte biwo nou an dirèkteman.

Tanpri pa ezite pou kontakte anplwaye SDMC yo si ou gen kesyon oswa enkyetid nan (518) 549- 0328 oswa pa imèl nan [SDMC@justicecenter.ny.gov](mailto:SDMC@justicecenter.ny.gov).